



Amakuru Mashasha ya COVID-19 Kumurwa Mukuru wa Burlington

Ikigo C'amakuru shingiro no Kuvugurura ya
COVID-19 I Burlington (RRC)

Ntwarante 2021

(Mu Kirundi)

Ingingo nyamukuru:

- Umugera mushasha watowe muri Vermont
- Amakuru mashasha ya Reta muvye kwiyunguruza
- Itangazo rya Reta kumakoraniro
- Urucanco rwo kubantu ubu ruraboneka kubantu bafise imyaka 65 y'amavuka n'abisumbuye kurushaho
- Urucanco kubantu babangamiwe muvyamagara y'abantu rutegekanywa kuboneka rutevye muri Ntwarante
- Gute wokwiyandikisha kugira uronswe urucanco
- Umugambi wihutirwa muvye gukotesha ubufasha

Ubwoko bushasha

Umugambi wo gukurikirana ivy'amazi mabi mu gisagara waratoye ubwoko butandukanye bwa COVID-19 muri Burlington umugera watowe ubwambere mu bwongereza. Iyi nkuru siyo kubatera ubwoba, ariko ni imburi aho abantu batuye kugirango babandanye bikingira bishemeye. Birategukanywa ko ubwo bwoko busha bw'umugera bushobora gukwiragira kubice 30 gushika 40 byihuse cane gusumvya uko COVID-19 ikwiragira ubu aho abantu batuye. Nyabuna fasha guhagarika ikwiragira ry'uwo mugera mugukora ibi bikurikira:

Bandanya kwirinda gukorana n'abandi bo mukibano kandi mukurikize amabwirizwa ya Reta



Ambara agafuka munwa kabigenewe, gafise uduhuzi tubiri tugerekeranye dufuka kandi tugakwira neza isura kugira tugabanye umwanya ushobora gucamwo imigera.



Kwipimisha COVID-19 nimba ufise ibimeneyetso vyayo, warafashe ingendo canke waragiye mumakoraniro yo mukibano.



Kuronswa urucanco rwa COVID-19 nimba uri mubategakanijwe kururonka.



Amakuru mashasha ya Reta muvyo kwiyounguruza

Amabwirizwa yo kwiyounguruza i Vermont yaravuguruwe. Abantu bacandazwe bikwiye kandi bakaba bari hanze imisi 14 inyuma y'urucanco rwa nyuma barashobora gutembera kandi bakava i Vermont batarinze gukurikiza amabwirizwa yo kwiyugarana ukwa bonyene. Icyongereyeko, umuntu yacandazwe neza iyo ahuye n'umugwayi wa COVID-19 ntazosabwa kwiyugarana ukwiye. Umuntu uwariye wese ATA racandagwa ategerezwa kwiyugarana ukwiye igihe agarutse canke atembereye i Vermont. Abanya Vermont bagarutse bava mu bindi bihugu vyo hanze bategerezwa kumara iminsi 14 bugaraniye ahantu ha bonyene canke imisi 7 yo kwiyugarana ikurikiwe nukudatorwa umugera.

Itangazo rya Reta ku Makoraniro

Amakoraniro yo mukibano ahuza imiryango itandukanye, harimwo abo mumuryango eka mbere no hanze y'umuryango, mu bibanza vya Reta canke vy'abigenga **NTIBAREKURIWE** kubantu badafise urucanco muri uno mwanya. **Abantu bacandazwe canke imiryango bashobora gukorana bari kumwe n'umuntu umwe ya candazwe canke atacandazwe muri aka kanya.** Ibyashara hamwe n'amashirahamwe ntibarekuriwe kugirisha amakoraniro yohuza imiryango itandukanye numbwo aboviyabiriye bobaye baracandazwe canke batacandazwe.

Kubona amabwirizwa ya Reta mu rurimi Rw'icongereza, tembera:

<https://accd.vermont.gov/news/update-new-work-safe-additions-be-smart-stay-safe-order>

Itangwa Ry'urucanco

Rukingiwe kandi rumeze neza urucanco rwa COVID-19 ubu rurashobora kuboneka kubantu ci Vermont bafise imyaka 65 n'iyirenga! Ntavyo gutemberanira ubu vyemewe muri uno mwanya kandi abantu bategerezwa gusaba imibonano hakiri kare. Ubuhanarukira ntibukene, kandi urucanco rutangwa k'UBUNTU.

Incanco ubu ziraboneka:

- Abantu bi Vermont bafise imyaka 65 n'iyirenga
- Abakozi bo muvy'amagara y'abantu baza imbere
- Ababa mu gihugu bo gutanga ubufasha buramvye
- Abakozi bamaze igihe bakora bo babonye n'umurwayi imbona nkubone
- Abajewe ivy'ugutabara muvy'amagara y'abantu hamwe n'ababishura

Ibiringo bigiye kuza, Amagenekerezo ntiyangajwe:

- Abantu babangamiwe muvy'amagara y'abantu (hateganywa muri Ntwarante)

Uburyo bwo kwiyandikisha:

1. Iyandikisha mugisata kijejwe amagara y'abantu k'ubuhinga bwa none ci Vermont kuri <https://www.healthvermont.gov/covid-19/vaccine/getting-covid-19-vaccine> (kwiyandikisha uciye kubuhinga bwa none) canke mu guhamagara umuhora ushushu kuri 855-722-7878 (Kugira muronke ubufasha muzindi ndimi fyonda 1). Amasaha yo guhamagara ni Kuwambere-Kuwagatanu,



Ishusho y'agaciro: CDC

8:15 Imbere y'umutaga – 5:30 Inyuma y'umutaga. Hamwe no Kuwagatandatu no Kuwamungu, 10:00 imbere y'umutaga – 3:00 inyuma y'umutaga.

2. Nimba mufise ibibazo canke mukeneye ubufasha muvyo kwiwandikisha muzindi ndimi, murashobora kubaza uwukurikirana ikibazo canyu kw'ishirahamwe ry'abanyafurika canke Umugambi w'Impunzi. Nimba mudafise uwukurikirana ikibazo canyu, hamagara k'Umugambi w'Impunzi kuri 802-655-1963 canke Ishirahamwe ry'abanyafurika kuri 802-355-0795 hamwe n'ivyo muzohuzwa n'umuntu avuga urimi rwanyu.

Umugambi Wihutirwa Muvyo Gukotesha Ubufasha



Igenekerezo ryo gutangura: ryitezwe muri Ntwarante hagati mumwaka wa 2021 (Gushinga Itariki ntabanduka)

Nibande bakwije ibisabwa:

Ubufasha bujanye n'amafaranga buzoshikira abo bose bahungabanijwe n'ikiza. Abasaba bazogira aho bakura amahera hamwe n'ibindi vyankenerwa bazokenera kugira baronke uburengazira.

Ibiki umugambi utanga:

Umugambi urashobora gutanga ubufasha mu vy'amafaranga kugira barihe amahera y'inzu atarishwe hamwe n'ubufasha m'ugukotesha. Impano zizotangwa mu mezi atatu, kandi abakotesheje bashobora gusaba ubufasha gushika kumezi 12 yose hamwe. Harashobora kuba amahitamwo yo gusaba kwongerwa amezi atatu inyuma yivyo.

Uko bigenda:

Bose hamwe bene amatongo hamwe n'abakotesha bazotegerezwa kurungika ubusabe, kandi urishe bizoca bigenda gushika kwa nyene itongo. Ku bibazo canke mukeneye ubufasha muguhaheza ubusabe, hamagara Umugambi wimpunzi kuri 802-655-1963 canke Ishirahamwe ry'Abanyafurika baba i Vermont kuri 802-355-0795 hamawe n'ivyo muzohuzwa n'umuntu avuga ururimi rwanyu.

Kubona amakuru agezweho k'umugambi hamwe n'ubusabe mururimi rw'Icongereza, tembera:

<https://www.vsha.org/>

Ibibazo? Ukeneye ubufasha?

Ikigo C'amakuru **shingiro no Kuvugurura ya COVID-19 I Burlington (RRC)** kiri ngaha kugira gifashe, duhamagare kuri 802-755-7239 canke recovery@burlingtonvt.gov kandi usige ubutumwa burimwo izina ryanyu, ururimi muvuga, hamwe n'amakuru kukuntu bashobora kubaronka hamwe n'ivyo, tuzobafasha mumwanya muto ushoboka. Ikigo cacu co guhamagara kirafise ubufasha bwo gusobanura muzindi ndimi kuri terefone. Amasaha yacu yo gukora ni Kuwambere mpaka Kuwagatanu, 8:00 imbere y'umutaga-4:30 inyuma y'umutaga.

Ronka Ubusobanuzi:

Igisata Kijejwe Amagara y'abantu ci Vermont

<https://www.healthvermont.gov/media/translation/covid-19-translations>

Igisagara ca Burlington

<https://www.burlingtonvt.gov/covid-19/translated>

Inguvu K'ubikorwa Vy'indimi Zitandukanye i Vermont:

<https://www.youtube.com/channel/UC3zjPpeFnXqvESr1y3d4DvQ>

Amakuru yo mur'ino nyandiko aritezwe guhinduka nkuko imirongo ngenderwako iguma ishirwa ku gihe kurwego rw'igihugu hamwe na reta

Ishusho y'agaciro: CDC hamwe N'umurwa Mukuru wa Burlington